

Enfòmasyon Enpòtan pou elèv klas 10 a 12^{èm} ane ki ap swiv kou Biyoloji oubyen Jeyometri nan ane 2010-2011 la

Enfòmasyon ki pi ba yo ap aplike pou nenpòt elèv segondè ki ap swiv kou Biyoloji oubyen Jeyometri e ki pa nan gwoup elèv klas 9^{èm} ane pou ane lekòl 2011-2012 la:

- Elèv ki nan klas 10 a 12^{èm} ane pou ane lekòl 2011 - 2012 la ki enskri nan klas Biyoloji (oubyen ekivalan li) oswa klas Jeyometri (oubyen ekivalan li) pral oblije sibi ekzamen Biyoloji EOC a oubyen ekzamen Jeyometri EOC a.
- Ekzamen Biyoloji EOC a oubyen ekzamen Jeyometri EOC a pral konte kòm ekzamen final pou elèv ki nan klas 10 a 12^{èm} ane pou ane lekòl 2011 - 2012 la ki enskri nan klas Biyoloji oubyen Jeyometri, epi yo pral swiv fòmil tradisyonèl yo pou ba yo mwayèn pou nòt yo fè yo. Nou prezante fòmil yo pi ba a, e nou kopye yo nan Liv CCPS pibliye pou eksplike fason yo ap bay kanè pou ane lekòl 2011-2012 la.

“Pou tout elèv klas segondè ak pou elèv klas mwayen ki ap pran kou segondè, yo ap ba yo kredi ak nòt chak semès. Yo ap itilize sistèm pwen ki nan tablo ki pi ba a pou kalkile fason yo ap ba yo nòt yo. Yo tradwi nòt yo fè yo sou fòm kalite pwen (ki pa GPA) jan tablo ki ba a endike sa. Tablo a ap bay tou yon ranje kalite pwen yo ap bezwen pou yo ka resevwa nòt pou yon semès:”

Nòt yo an Lèt	Kalite Pwen yo	Peryòd 2X	Ekamen 1X	Semès
A	4	8	4	18-20
B	3	6	3	13-17
C	2	4	2	8-12
D	1	2	1	5-7
F	0	0	0	0-4